# Рамазан маьІна



## Смысл слов произносимых в намазе, на Чеченском

## "ЛАМАЗАН МАЬ1НА“

---

اللهُ أَكْبَر

***Алла'хIу акбар***

АллахI массо х1уманал вокх ву

---

أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيطَانِ الرَّجِيمِ

***А1у'зу билла'х1и минаш- шайт1о'нир- рожи'м***

Со Аллах1аца ларло цо шена гена даьккхинчу шайт1анах

---

بِسْمِ اللّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيم

***Бисмилла'х1ир-рохьма'нир-рохьи'м***

АллахIан ц1арца дола до ас, къинхетаме а къинхетам беш волчу

الْحَمْدُ لِلّهِ رَبِّ الْعَالَمِين

***Алхьамдулилла'х1и роббиль 1а'лами'н***

Аллахlан хастам бу шен 1аламаш кхобуш волчу

---

الرَّحْمنِ الرَّحِيمِ

***Ар-рохьма'нир-рохьи'м***

Къинхетаме а къинхетам беш волчу

---

مَـالِكِ يَوْمِ الدِّين

***Ма'лики йавмид-ди'н***

Къемат денан паччахь волчу

---

إِيَّاكَ نَعْبُدُ وإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ

***Иййа'ка на1буду ва Иййа'ка наста1и'н***

Хьуна цхьан 1ибадат до оха, хьоьга цхьангар г1о а лоха оха

---

اهدِنَا الصِّرَاطَ المُستَقِيمَ

***Их1динас- сиро'т1оль- мустакъи'м***

Нийсачу новкъа нис де ахь тхо

---

صِرَاطَ الَّذِينَ أَنعَمتَ عَلَيهِمْ

***Сиро'т1ол- лезий'на ан1амта 1алайх1им***

И некъ буи ахьа шайна дика диначеран ни1мат деллачеран а некъ

---

غَيرِ المَغضُوبِ عَلَيهِمْ وَلاَ الضَّالِّينَ

***Г1ойриль маг1ду'би 1алайх1им валаддоо'лли'н***

Хьа оьхазло шайна хилла болчеран некъ боцуш тиллачеран некъ боцуш

---

اللهُ أَكْبَر

***Алла'хlу акбар***

АллахI массо х1уманал вокх ву

---

سُبْحَانَ رَبِّيَ العَظِيم. (٣)

***Субхьа'на Роббийаль- 1азы'м. (3)***

Ц1ена ву сан вокх Дела

---

سَمِعَ اللّٰهُ لِمَنْ حَمِدَه

***Сами1алла'х1у лиман хьамидах1***

Хезаш ву АллахI шена хастам беш верг

---

رَبَّنَا وَلَكَ الحَمْدُ

***Роббана' валакаль хьамд***

Тхан Дела хьуна хастам бу

---

اللّٰهُ أَكْبَر

***Алла'хIу акбар***

АллахI массо х1уманал вокх ву

---

(سُبْحَانَ رَبِّيَ الأَعْلَى. (٣

***Субхьа'на роббийаль- а1ла'. (3)***

Ц1ена ву сан лекха Дела

---

اللهُ أَكْبَر

***Алла'xly акбар***

АллахI массо х1уманал вокх ву

---

رَبِّ اغْفِرْ لِي. (٢)

***Роббиг1фирли' (2)***

Сан Дела геч дехьа суна

---

اللهُ أَكْبَر

*Алла'хlу акбар*

АллахI массо х1уманал вокх ву

---

(سُبْحَانَ رَبِّيَ الأعْلَى. ٣)

*Субхьа'на роббийаль- а1ла'. (3)*

Ц1ена ву сан лекха Дела

---

اللهُ أَكْبَر

*Алла'хlу акбар*

АллахI массо х1уманал вокх ву

---

التَّحِيَّاتُ َالمَ◌ُبَرَكَاتُ َالصَّلَوَاتُ َالطَّيِّبَاتُ لِلَّهِ

***Аттахьиййа'туль- мубарока'тус- солава'тут- т1ойййиба'ту лилла'х1и***

Беркате хил болу ларамаш а ц1ен хил долу ламазаш а Аллах1ан ду

---

السَّلَامُ عَلَيْكَ أَيُّهَا النَّبِيُّ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

***Ассала'му 1алайка аййух1аннабиййу варохьматулла'х1и вабарока'тух1***

Салам хуьлда хьуна х1ай Пайхамар Аллах1ера къинхетам а беркатш хуьлда хьуна

---

السَّلَامُ عَلَيْنَا وَعَلَى عِبَادِ اللَّهِ الصَّالِحِينَ

***Ассала'му 1алайна' ва1ала' 1иба'дилла'х1ис- со'лихьи'н***

Салам хуьлда тхуна а Аллах1ан дикачу лайшна а

---

أَشْـهَدُ أَنْ لَا إِلَـهَ إِلَّا اللَّهُ ،

***Ашх1аду алла' ила'х1а иллалла'х1***

Ас тоьшалла до Аллах1 воцарг кхин Дела вац аьлла

---

وَأَشْـهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ الله

***Ва ашх1аду анна Мухьаммадар- росу'лулла'х1***

Аса юха тоьшалла до Мухьаммад цунан Элча хиларца

---

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ

***Алла'х1умма солли 1ала' Мухьаммадив- ва1ала' а'ли Мухьаммад***

Йа Аллах1 Мухьаммадах къинхетам бе ахь, хазчу хасторах хаста ве ахь иза

# Ламазан маӀна:

Ӏаьрбийн маттахь ламаз - «Ассолату» бохург доӀа боху маӀна долуш ду. Оцу маӀнийца Дала Къуръан чохь аьлла:

**➢ДоӀа де ахь царна, бакъдолуш, хьан доӀа царна синтем (а, къинхетам а) бу➢** [Сурат «Ат-Тавбат» 103].

ШариӀатехь ламаз – «Ассолату» - бохучуьнан маӀна иштта ду:

Иза Ӏибадат ду, шена чохь къастийна дешнаш а, Ӏамалш а йолуш долу, такби́раца дӀа а долош, салам даларца чекх а долуш долу.

Къастийна дешнаш бохучун маӀна: такбир а, къуръан дешар а, тасбихь дар а, доӀа дар а, иштта кхин уьш санна дерг а бохург ду.

Къастийна Ӏамалш бохучун маӀна: дӀахӀоттар а, рукуӀ дар а, сужуд дар а, охьахаар а иштта и санна долу кхин долу хӀумнаш а бохург ду.

